# Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- da daan tudd Yàlla ci bépp jamono

Jële na ñu ci Aysatu -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- da daan tudd Yàlla ci bépp jamono.
[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Aysatu yaayu way-gëm ñi -yal na ko Yàlla dollee gërëm- day xibaare ne Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa xéroon lool ci tudd Yàlla mu kawe mi, ak ne daa na tudd Yàlla ci bépp jamono ak bérab ak anam.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee